

# **Jidisyè Nyoudjèze Kisa Vyolans Domestik ye?**



## **Kisa Vyolans Domestik ye?**

Vyolans domestik, oswa pafwa yo rele l vyolans pa patnè entim, se lè yon moun nan yon relasyon eseye kontwole epi blese lòt moun nan. Sa kapab manifeste sou fòm vyolans fizik, tankou kou oswa bouskilad, oswa vyolans sikolojik, tankou menas, entimidasyon oswa konpòtman kontwole.

## **Kisa yon Lòd Entèdiksyon ye?**

Yon lòd entèdiksyon se yon lòd pwoteksyon sivil ki soti nan yon tribinal e ki gen entansyon pwoteje yon moun ki viktим vyolans domestik. Kondisyon ki genyen nan yon lòd entèdiksyon baze sou sikontans chak moun epi yo varye soti nan yon ka ale nan yon lòt.

Nan Nyoudjèze, yon moun kapab mande yon lòd entèdiksyon pou vyolans domestik si yo te komèt youn nan 19 zak sa yo: omisid, agresyon, menas teworis, kidnapin, esklavaj kriminèl, detansyon ilegal, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminèl, obsenite, enfrakson kont lalwa, kanbriyolaj, ratre yon kote san otorizasyon, agase, trake, kaponnay, vòl, dezobeyisans yon lòd vyolans familyal, agase pa entènèt, ak nenpòt krim ki enplike risk lanmò okswa gwo blesi kòporèl.

## **Kiyès Ki Kapab Benefisyé de yon Lòd Entèdiksyon?**

Ou kapab kalifye si ou gen laj 18 lane oswa plis oswa ou se yon minè emansipe epi ou te viktим vyolans domestik pa:

- yon konjwen
- yon ansyen konjwen
- nenpòt lòt moun k ap oswa ki t ap viv nan menm kay anvan.

Ou kapab kalifye tou, san teni kont de laj, si ou te sibi vyolans domestik nan men yon moun ke:

- ou gen yon timoun ak li.
- ou ap tann yon timoun ak li.
- si youn nan nou ansent.
- si nou te renmen.

## **Ki moun ki yon Minè Emansipe?**

Yon minè se yon moun ki anba laj 18 lane e yo konsidere li emansipe lè minè a:

- marye oswa te marye
- te fè sèvis militè
- gen yon timoun oswa ansent
- yon tribunal oswa yon ajan administratif te deklare li emansipe anvan sa.

## **Kisa k ap pase si akize gen mwens ke 18 lane?**

Si akize a gen pi piti pase 18 lane epi yo pa konsidere l kòm yon minè amansipe, ou gendwa petèt mande fòs lòd yo pou depoze plent kont li pou zak delenkans jivenil. Kontakte sèvis polis nan zòn kote ensidan an pase a.

## Ki Tip Relasyon ki tonbe anba klasificasyon sa a?

Pleyan an ak akize a dwe gen oswa te gen yon relsyon espesifik pou kalifye pou yon lòd entèdiksyon pou vyolans domestik. Sèks pati yo pa enpòtan.

Relasyon an dwe youn nan sa yo:

- Marye/separe/divòse.
- Viv nan menm kay kounyea oswa anvan
- Renmen
- Yon moun pleyan an gen yon timoun ak li oswa li prevwa gen yon timoun ak li (youn nan pati yo ansent pou kounyea).

Akize a (moun pleyan an depoze plent kont li a) **dwe gen laj 18 lane** oswa plis **oswa** li se yon minè emansipe.

## Ki kote ou kapab Mande yon Lòd Entèdiksyon?

Ou kapab mande yon lòd entèdiksyon an pèsòn oswa nan telefòn nan tribinal nan konte kote zak vyolans domestik la te fèt la, kote ou abite, kote akize a abite, oswa kote nou rete pou yon ti tan oswa nan abri.

Pandan wiken yo, jou ferye yo, apre lè ouvèti tribinal yo, oswa nenpòt lòt lè Tribinal Siperyè a fèmen, ou kapab mande yon lòd entèdiksyon nan komisarya lapolis lokal nan minisipalite kote zak vyolans domestik la te fèt la, kote ou abite, kote akize a abite, oswa kote nou rete pou yon ti tan oswa nan abri.

Si yo depoze yon plent kriminèl pou zak ensidans vyolans domestik, fòslòd yo kapab ranpli demann lòd entèdiksyon an an menm tan, menm si Tribinal Siperyè a ouvè.

Gade nan depliyan “TRO Process” ([CN 12969](#)) la pou plis enfòmasyon.